

**Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat  
Kanthi Metodhe Teks Akrostik Siswa Klas IX F SMPN 3 Kertosono  
Taun Ajaran 2015/2016**

**Agus Wiyono, Dr. Surana, S.S., M.Hum.  
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya**

**Abstrak**

Adhedhasar kanyatan kang ana ing lapangan, akeh guru kang rumangsa kangelan anggone mulangake bab kang gegayutan karo karya sastra, mligine tembang. Bab iki dijalari salah sijine amarga guru uga kurang seneng marang tembang, utawa bisa dijalari amarga guru kurang nguwasai cara mulang tembang kanggo siswane. Adhedhasar dhata evaluasi sajrone nulis siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono semester I isih sangisore Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) yaiku 76. Meruhi kanyataan kasebut, perlu dianakake upaya kanggo ngundhakake kawasisan siswa anggone nulis tembang macapat ing sekolah. Metodhe pasinaon kang cocog digunakake yaiku metodhe *teks akrostik*. Metodhe *teks akrostik* yaiku cara kang ditindakake guru kanggo nggampangake siswa anggone ngeling-eling sawijining materi kanthi migunakake huruf ing wiwitan, tengah lan pungkasaning sawijining ukara utawa frasa tartamtu. Mula adhedhasar maneka andharan kang wis jlentrehake sadurunge, mula panliten iki bakal migunakake metodhe *teks akrostik* sajrone nulis tembang. Paneliti bakal nindakake *penelitian tindakan kelas* kanthi irah-irahan “Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat kanthi Metodhe *Teks Akrostik* Siswa Klas IX F SMPN 3 Kertosono Taun Ajaran 2015/2016”.

Ancase panliten yaiku: 1. Mangerteni sepira undhak-undhakane kawasisan siswa klas IX F sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. 2. Mangerteni sepira undhak-undhakane aktivitas siswa klas IX F sajrone pasinaon nulis tembang macapat. 3. Mangerteni sepira undhak-undhakane kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat ing klas IX F.

Sajrone ngumpulake dhata migunakake patang teknik yaiku observasi, dokumentasi, catatan lapangan lan tes. Analisis dhata digunakake kanggo ngidentifikasi ana utawa orane masalah. Teknik analisis dhata kang digunakake yaiku teknik deskriptif lan prosentase. Adhedhasar asil panliten kawasisan nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang wis ditindakake panliti ing kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016, bisa didudut saperangan bab, kayata: 1. Kawasisan siswa nulis tembang macapat mundhak, saka rata-rata ing siklus I 68.44 mundhak dadi 75.53 ing siklus II. Kanthi prosentase ketuntasan 65% ing siklus I lan mundhak dadi 86% ing siklus II. Yen adhedhasar indikator keberhasilan panliten kang netepake 80% siswa kang tuntas sajrone nulis tembang macapat, mula panliten iki kalebu kasil ditindakake. 2. Aktivitas siswa ana undhak-undhakan, saka rata-rata aktivitas siswa 15.59 lan presentase keberhasilan 65% kanthi kategori B (Apik) ing siklus I, mundhak dadi 17.91 lan presentase keberhasilan 74% kanthi kategori B (Apik) ing siklus II. 3. Kawasisan guru mundhak, saka rata-rata skor 22 kategori B (Apik) lan presentase keberhasilan 61% ing siklus I mundhak dadi 29 kanthi presentase keberhasilan 81% kanthi kategori A (Apik Banget) ing siklus II.

Tembung wigati : Ngundhakake, kawasisan, nulis tembang macapat, *metodhe teks akrostik*.

## **PURWAKA**

### **Lelandhesane Panliten**

Adhedhasar kanyatan kang ana ing lapangan, akeh guru kang rumangsa kangelan anggone mulangake bab kang gegayutan karo karya sastra, mligine tembang. Bab iki dijalari salah sijine amarga guru uga kurang seneng marang tembang, utawa bisa dijalari amarga guru kurang nguwasai cara mulang tembang kanggo siswane. Guru mesthine kudu nduwe cara dhewe supaya pasinaon ing klas krasa nyenengake. Ndadekake siswa seneng lan pinter marang

tembang iku ora amarga guru pinter lan nguwasani kabeh teori bab tembang, nanging amarga guru ngerti cara ngembangake bakat siswane lan ndadekake pasinaon kasebut nyenengake siswane. Kanggane siswa kang pancen nduweni bakat wiwit lair, bakal rumangsa kangelan yen pasinaon mung ngutamakake teori-teori wae tanpa menahi kalodangan kanggo nulis tembang dhewe.

Perkara kurange minat lan kawasisan nulis iki uga dirasakake ing klas IX F SMPN 3

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

Kertosono. Sasuwene iki pasinaon bab nulis, utamane nulis tembang macapat nggunakake metode ceramah, menahi tuladha lan penugasan. Bab kasebut ndadekake asil pasinaon nulis tembang macapat durung bisa maksimal.

Adhedhasar dhata evaluasi sajrone nulis siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono semester I isih sangisore Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) yaiku 76. Saka dhata, ditemokake biji paling dhuwur yaiku 85, dene biji kang paling endhek yaiku 40, saka rata-rata klas 62. Presentase siswa kang sangisore KKM 60%, yaiku 19 saka 32 siswa. Meruhi kanyataan kasebut, perlu dianakake upaya kanggo ngundhakake kawasisan siswa anggane nulis tembang macapat ing sekolah, mligine siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono. Kanggo ngowah-owahi pasinaon sajrone pelajaran basa Jawa perlu anane undhak-undhakan kegiatan pasinaon antarane guru lan siswa. Dibutuhake sawijining metodhe kang bisa mbantu siswa anggane nulis tembang macapat.

Metodhe pasinaon kang cocog digunakake yaiku metodhe *teks akrostik*. Metodhe *teks akrostik* yaiku cara kang ditindakake guru kanggo nggampangake siswa anggane ngeling-eling sawijining materi kanthi migunakake huruf ing wiwitan, tengah lan pungkasaning sawijining ukara utawa frasa tartamtu. Nulis tembang kanthi metodhe *teks akrostik* ngarahake siswa sajrone pasinaon kang terarah lan nyenengake. Siswa bakal dipandhu wiwit tahap nggoleki idhe, nulis, maca nganti proses penyuntingan.

Mula adhedhasar maneka andharan kang wis jlentrehake sadurunge, mula panliten iki bakal migunakake metodhe *teks akrostik* sajrone nulis tembang. Paneliti bakal nindakake *penelitian tindakan klas* kanthi irah-irahan “Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat kanthi Metodhe *Teks Akrostik* Siswa Klas IX F SMPN 3 Kertosono Taun Ajaran 2015/2016”.

### Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten ing dhuwur, mula kang dadi punjering panliten yaiku:

- Kepriye undhak-undhakane kawasisan siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016?
- Kepriye undhak-undhakane aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016?

- Kepriye undhak-undhakake kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016?

### Ancase Panliten

Sekabehe panliten ditindakake adhedhasar maneka ancas. Saka lelandhesan panliten kang wis diandharake mau, bisa ditemokake saperangan ancas kang ana sajrone panliten iki, yaiku:

- Mangerteni sapiro undhak-undhakane kawasisan siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*.
- Mangerteni sapiro undhak-undhakane aktivitas siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. Ngundhakake kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016.
- Mangerteni sapiro undhak-undhakane kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016.

### Paedahe Panliten

Sajrone panliten iki bisa dimangerteni saperangan paedah kang bisa diandharake, yaiku:

- Kangge siswa: bisa menahi motivasi sajrone sinau nulis tembang macapat lan menahi pengalaman sinau kang aktif, kreatif lan nyenengake lumantar metodhe *teks akrostik*.
- Kangge guru: bisa nambah kawruh lan ngenal perkembangan kawasisan siswa sajrone sastra lumantar metodhe *teks akrostik*, menahi panjurung kanggo para guru sajrone nindakake pasinaon sarta mbantu guru sajrone mecahake perkara-perkara kang diadhepi siswa sajrone pasinaon.
- Kangge sekolah : bisa didadekake referensi kanggo nindakake panliten ing SMP, saliyan kuwi bisa didadekake pedhoman para guru anggane mulang.

### Wewatesane Tetembungan

Ana saperangan tetembungan mligi lan jarang dimangertani ing panguripan saben dinan. Mula tetembungan kang ana sajrone panliten iki

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

kudu ditegesi lan diwenehi watesan, supaya ora nuwuhake maneka tafsir antarane panliti lan pamaca. Mula ing bab iki bakal dijlentrehake saperangan tetembungan kang asring digunakake sajroning panliten iki.

- a. Tembang yaiku pawetuning rasa pujangga kang tinulis ing tembung-tembung lan karakit adhedhasar larik lan pada (Widaryatno dkk, 2011:62). Tembang kalebu karya sastra kang nggunakake basa kanthi maksud liya. Tembang asipat denotatif/ leksikal, tegese nduweni pangerten ing kamus. Ngudharake rasa pangrasa ora kanthi langsung, mula basane katelah basa sing khas (Widaryatno dkk, 2011:81)
- b. Model pasinaon yaiku sawijining dalan utawa cara kang dipilih kanggo ngimplementasekake ancangan kang wis disusun sajrone bentuk tumindak kang nyata lan *praktis* kanggo nggayuh tujuwan sajrone pasinaon (Kuntjojo, 2010:2)
- c. *Teks akrostik* yaiku salah siji teks tembang kang huruf ing wiwitan saben barise mbentuk sawijing tembung yen diwaca *vertikal* (Magee, 2008:25). Pamawas liya jlentrehake yen *teks akrostik* yaiku teks tembang kang digawe lan ing njerone ana pesen kang disingtake (Jingga, 2012:73).

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Panliten kang Saemper

Panliten iki didhasarake saka asil panliten kang wis ditindakake sadurunge sajrone ngundhakake kawasisan nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*, yaiku:

- a. Panliten kang ditindakake Rihanah (2012) kanthi irah-irahan “Peningkatan Kemampuan Menulis Puisi Melalui Teknik Akrostik di Siswa Klas V SDN Kalisari I Karawang Tahun Ajaran 2011/2012”. Asiling panliten yaiku proses lan asil saka nulis tembang lumantar teknik akrostik. Rata-rata biji siswa klas V pra siklus yaiku 52,04 utawa 58% saka total siswa, sajrone siklus I rata-rata biji siswa mundhak dadi 66,41 utawa 74%, banjur ana siklus II rata-rata biji siswa dadi 76,37 utawa 85% saka total siswa kang nindakake tes nulis tembang.
- b. Panliten kang ditindakake Prihatiningsih (2012) “Metode Akrostik untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Puisi pada siswa Klas V Sekolah Dasar (Penelitian

Tindakan Klas pada Siswa Klas V SDN Ujungberung 5 Kecamatan Ujungberung Kota Bandung)”. Adhadhasar asiling panliten ana undhak-undhakan ing saben siklus. Bab iki dibuktekake saka biji rata-rata aktivitas nulis siswa sajrone siklus I 29%, siklus II 76,25%, siklus III 88,06%. Biji rata-rata kawasisan nulis siswa ing siklus I 35, siklus II 65,6, siklus III 82,6. Bisa didudut yen metodhe akrostik bisa ngundhakake kawasisan siswa sajrone nulis tembang.

- c. PTK liyane yaiku kanthi irah-irahan “Peningkatan Kemampuan Menulis Puisi Bebas dengan Teknik Menulis Akrostik pada siswa Klas V A MI Semplak Pilar, Kabupaten Bogor” dening Kartini (2011). Adhedhasar asiling analisis bisa disusut yen kawasisan nulis tembang siswa klas V A MI Semplak Pilar ana undhak-undhakan. Data tes siklus I rata-rata klas 54,89 lan siklus II 81,04. Adhedhasar asil iki nuduhake undhak-undhakan saka siklus I gedhene 26,15. Dhata ketuntasan klas uga mundhak. Ana siklus I 26,1% dene ana siklus II mundhak saka 61,4% dadi 67,5%.

Adhedhasar asile panliten kang diandharake sadurunge, bisa digunakake acuan penelitian tindakan klas (PTK) kang bakal ditindakake. Panliten kasebut nuduhake yen teknik utawa metodhe *teks akrostik* bisa ngundhakake kawasisan nulis tembang macapat lan keaktifan siswa. Mula saka kuwi panliti kepingin mangerteni sepira gedhene undhak-undhakane kawasisan nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono tahun ajaran 2015/2016.

#### Puisi Tradisional Jawa (*Tembang Macapat*)

Puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*), yaiku perangan saka kasusastran Jawa kang kalebu tembang Cilik. Tembang macapat, yaiku puisi Jawa tradisional kang kaiket paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu (Padmosoekotjo, 1953: 12-13).

Tembang macapat iku tetembungan *klasik* jawa kang mula bukane jaman para Wali. Mulane isi lan cerita kang ana ing sakjroning tembang-tembang macapat akeh kang isine budi luhur, akhlak, lan kabudayan agung. Tembang macapat kabehe ana sewelas. Awake dhewe akeh kang wis tau krungu tembang macapat, nanging akeh sing durung ngerti ana filsafat lan urutane tembang macapat iku. Sak durunge, ana ing tembang macapat, ana istilah

Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Guru gatra yaiku cacahé baris ana ing sak pada (bait), guru wilangan yaiku cacahé *suku kata* ana ing saben gatra (baris), lan guru lagu yaiku tibane swara (*vokal*) ana ing pungkasané gatra/baris.

#### **Jinise Tembang Macapat**

Cacahé tembang macapat iku ana 11 warna, yaiku Maskumambang, Mijil, Sinom, Kinanthi, Asmaradana, Gambuh, Dandanggula, Durma, Pangkur, Megatruh, lan Pucung. Saben tembang macapat kasebut nduweni wateg lan kaiket karo paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.

#### **Kawasisan Nulis Puisi Tradisional Jawa (Tembang Macapat)**

Jabrohim, dkk. (2003: 17) ngandharake menawa nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) minangka wujud komunikasi ora langsung kang nengenake ing ekspresi diri, emosi, gagasan, lan idhe. Saliyane kuwi kawasisan nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) minangka aktivitas pamikire manungsa kanthi *produktif ekspresif* sarta disengkuyung dening proses kawruh, kebahasaan, lan teknik panulisan.

Wiyanto (2005: 57), uga ngandharake menawa nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) minangka ngandharake gagasan menyang wujud puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*). Kudu ana pamilihan tembung kang trep sajrone nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) dudu mung bisa ngolehake maknane, nanging uga kudu trep swarane, guru gatra, guru lagu, guru wilangan, lan cara panganggone tembung-tembung kasebut saengga bisa nuwuhake kesan *estetik*.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa didudut menawa siswa bisa diwastani trampil sajrone nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) menawa kasil sajrone proses lan produke. Kasile sajrone proses menawa siswa lan guru nduweni semangat lan minat sajrone pamulangan, saengga swasana bisa luwih *efektif* lan *kondusif*. Kasil sajrone produk yaiku tingkat pemahaman siswa tumrap kawasisan nulis *tembang macapat*.

#### **Langkah-langkah sajrone Nulis Puisi Tradisional Jawa (Tembang Macapat)**

Langkah sepisanan kang kudu dilakoni nalika arep nulis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*), yaiku nemtokake jinis puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*). Adhedhasar andharan sadurunge ngenani tembang macapat, jinis saka

puisi tradisional Jawa (*tembang macapat*) kaperang saka 11 jinis, yaiku Maskumambang, Mijil, Sinom, Kinanthi, Asmaradana, Gambuh, Dandanggula, Durma, Pangkur, Megatruh, lan Pucung. Kasewelas tembang kasebut nduweni wewategane dhewe-dhewe. Saben wewatekan nggambarake swasana kang bakal kawanun sajrone *tembang macapat*. Adhedhasar wateg kasebut siswa bisa nemtokake tema kanggo *tembang macapat* kang bakal dianggit.

Sawise nemtokake salah siji sang sewelas jinis *tembang macapat* kang dipilih, siswa nengeri lan ngandharake paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu saka tembang kasebut. Menawa wis cetha ngenani paugeran lan wewatone banjur gawe ukara kang cacahé cocog karo paugerane guru gatra tembang kang kapilih. Menawa wis rampung, terus ngitung cacahé wanda-wandane tembang ing saben ukara, dilarasake karo paugerane tembang kang dipilih. Pungkasané yaiku nglarasake guru lagune, tegese sing durung trep diganti lan sing wis trep terus dienggo.

Perlu uga nggatekake pamilihan tembung sajrone nulis *tembang macapat*. Saka pamilihan tembung kang trep kasebut bisa nuwuhake (1) rerangken swara kang merdhu, (2) makna kang bisa nyebabake makna kanthi rasa *estetis*, lan (3) keraketan ayang-ayang kang bisa nuwuhake kesan kang jero. Pemahaman lan kemampuan milih tembung lan majas minangka sangu kanggo nulis *tembang macapat* (Wiyanto, 2005: 52).

Supaya tahapan langkah sajrone nulis *tembang macapat* bisa ditindakake kanthi apik, mula saka kuwi sadurunge nulis *tembang macapat* perlu anane motivasi utawa sikap awal kang kudu dituwuhake supaya kawasisan nulis *tembang macapat* bisa kasil. Bab kang perlu ditindakake, yaiku (1) anane niat kang kuat, (2) sinau lan latihan nulis *tembang macapat*, lan (3) ngulinakake mirengake lan nembangake *tembang macapat* kang wis ana. Milih *tembang macapat* kang kang katulis dening panulis kang disenengi, sabanjure ngetrapake 3N, yaiku niteni, nirokake, lan nambahi. Paribasan iki nuduhake anane proses nggatekake, ngeling-ngeling, nirokake, lan nambahake. Nirokake ing kene dudu ateges njiplak *tembang macapat*, nanging kang ditiru yaiku tetembungan kang estetis lan cara nganggo majas sajrone *tembang macapat* (Wiyanto, 2005: 48)

Kayata kang kaandharake ing jlentrehan sadurunge menawa *tembang macapat* mujudake puisi Jawa tradisional mula ana

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

saperangan tahap sajrone panulisan *tembang macapat* minangka wujud saka puisi kasebut miturut Endrasawar (2003: 220), yaiku tahap *penginderaan, perenungan, lan memainkan* tembung. Tahap-tahap kasebut kaandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Tahap *Penginderaan*
- 2) Tahap *Perenungan*
- 3) Mainake Tembung

### Metodhe Teks Akrostik

Magee (2008:25) ngandharake, akrostik yaiku tembang utawa tembang kang aksara wiwitane ing saben larike mbentuk sawijine tembung yen diwaca kanthi vertikal. Jingga (2012:73) uga ngandharake yen *akrostik* yaiku cara nggawe tembang kang ngandhut pesen kang disingitake. Pola rima lan jumlah angka baris saben larike beda-beda sajrone akrostik, amarga tembang *akrostik* luwih saka tembang deskriptif kang padha-padha ngandharake tembung kang dibentuk.

Metodhe *teks akrostik* nduweni maneka guna yaiku: (1) ngarahake siswa sajrone nemokake idhe saka samubarang kang ana ing sakupenge; (2) mbantu siswa sajrone nambahi kawruh bab tembung-tembung basa jawa; (3) mbantu siswa nemokake tembung kang wiwitan sajrone tembang; (4) mbimbing siswa nindakake tahap-tahap nulis tembang; (5) bisa mbantu siswa ngeling-eling informasi luwih cepet lan luwih suwi.

Miturut Salam sajrone Rihanah (2012:49) cak-cakane metodhe *teks akrostik* sajrone pasinaon nulis tembang bisa ditindakake kanthi maneka tahapan, yaiku: (1) Nemtokake irah-irahan tembang; (2) nemtokake irah-irahan tembang kanthi vertikal; (3) nyusun diksi sajrone aksara-aksara kang wis disusun kanthi vertikal; (4) tahap penyuntingan.

### Cak-cakane Metodhe Teks Akrostik sajrone Pasinaon Basa Jawa

Sintaks pasinaon nulis tembang kanthi migunakake metodhe *teks akrostik* sajrone panliten iki miturut Salam sajrone Rihanah (2012:49) kang wis dimodifikasi panliti yaiku:

- (1) Guru ngandharake tujuwan pasinaon kang bakal digayuh kanggo menahi motivasi siswa kanggo melu pasinaon kanthi apik.
- (2) Guru ngandharake pangertene ngenani *akrostik* lan tuladha tembang *akrostik*.
- (3) Kanthi bimbingan saka guru, siswa nulis irah-irahan tembang *akrostik* kang

sesambungan karo tema kang ditentokake dening guru.

- (4) Siswa golek diksi kang cocog kanggo ngembangake tembung.
- (5) Siswa wiwit nyusun lan nulis diksi-diksi sajrone tembang kang wis disusun kanthi *vertical*.
- (6) Siswa diwenehi kalodhangan kanggo diskusi karo kanca sabangku kanggo ngrevisi tembang kang wis ditulis.
- (7) Siswa maca asil nulis tembange ana ngarep kelas.
- (8) Siswa ngumpulake asil karyane marang guru.

## METODHE PANLITEN

### Ancangan Panliten

Subjek panliten iki yaiku guru lan siswa klas IX F kang cacahé 32 siswa kang dumadi saka 16 siswa priya lan 16 siswa wanita. Panliten iki ditindakake ing SMPN 3 Kertosono, Kecamatan Kertosono, Kabupaten Nganjuk taun ajaran 2015/2016.

Papan panggonan panliten iki ing SMPN 3 Kertosono. Sekolah kasebut dumunung ing desa Pandantoyo, kecamatan Kertosono, kabupaten Nganjuk.

Panliten iki ditindakake ing semester ganjil, yaiku wiwit wulan Agustus - Oktober taun 2015.

Alasan panliti migunakake subjek iki amarga panliti minangka salah sijine dwija ing SMPN 3 Kertosono mula kepingin mangerteni kepriye kawasisane siswa nulis tembang macapat kanthi migunakake metodhe *teks akrostik*.

### Prosedur Panliten

Rancangan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku Penelitian Tindakan Klas (PTK). PTK iki ditindakake lewat 4 tahapan, yaiku perencanaan, pelaksanaan, pengamatan, lan refleksi.

Pelaksanaan panliten iki ditindakake kanthi kolaboratif antarane guru kanthi kolaborasi minangka upaya kanggo nuwuhake owah owahan kang dipengeneke. Rancangan sajrone panliten iki ditindakake ing patang tahapan, yaiku:

### Perencanaan

Sajrone nyusun reng-rangan iki, panliti nemtokake fokus prastawa kang oleh kawigaten mligi kanggo diamati, banjur nggawe sawijine instrumen pengamatan kanggo mbantu peneliti ngrekam fakta kang dumadi sasuwene panliten

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

(Arikunto, 2011:18). Tahap perencanaan sajrone panliten iki yaiku:

- (1) Menelaah materi pelajaran basa Jawa klas IX semester I materi nulis.
- (2) Nyusun RPP laras karo indhikator kang wis ditemtokake.
- (3) Nyiapake LKS lan alat evaluasi kang bakal digunakake sajrone panliten.
- (4) Nggawe lembar observasi kawasisan mulang guru lan aktivitas pasinaon siswa sarta lembar penilaian unjuk kerja kang digunakake sajrone panliten.
- (5) Nyiapake lembar kanggo catatan lapangan.

### Pelaksanaan Tindakan

Pelaksanaan tindakan ditindakake sajrone rong siklus, saben siklus dumadi saka rong pertemuan. Siklus I nлити pasinaon nulis tembang macapat kanthi materi nemtokake idhe lan diksi kang cocog sajrone nulis tembang macapat. Ana siklus II materi pasinaon yaiku nulis tembang macapat kanthi migunakake metodhe *teks akrostik*.

### Siklus I

Sajrone pelaksanaan iki diperang dadi rong pertemuan, tindakan sajrone pertemuan I lan II, yaiku:

Pertemuan I:

- (1) Siswa nampa katrangan ngenani pangertene tembang macapat, unsur-unsur tembang macapat. (Eksplorasi)
- (2) Siswa nggatakake tuladha tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang diwenehake dening guru banjur ngapresiasi tuladha tembang macapat kasebut. (Eksplorasi)
- (3) Kanthi bimbingan saka guru, siswa nulis judhul tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. (Elaborasi)
- (4) Siswa nggoleki diksi kang selars kanggo ngembangake tembung sajrone tembang macapat. (Eksplorasi)
- (5) Siswa wiwit nyusun cakepan tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kanthi tema “lingkungan alam”. (Elaborasi)
- (6) Siswa diwenehi kalodhangan kanggo diskusi karo kanca sabangkune kanggo ngrevisi cakepan tembang macapat kang wis ditulis. (Elaborasi)
- (7) Siswa nuduhake asil kerja sajrone nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing ngarep kelas. (Elaborasi)

- (8) Siswa ngumpulake asil karyane marang guru. (Elaborasi)

Pertemuan II:

- (1) Siswa nampa katrangan ngenani pangertene tembang macapat, unsur-unsur tembang macapat. (Eksplorasi)
- (2) Siswa nggatakake tuladha tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang diwenehake dening guru banjur ngapresiasi tuladha tembang macapat kasebut. (Eksplorasi)
- (3) Kanthi bimbingan saka guru, siswa nulis judhul tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. (Elaborasi)
- (4) Siswa nggoleki diksi kang selars kanggo ngembangake tembung sajrone tembang macapat. (Eksplorasi)
- (5) Siswa wiwit nyusun tembang macapat kanthi *teks akrostik* gawe tema “kekancan”. (Elaborasi)
- (6) Siswa diwenehi kalodhangan kanggo diskusi karo kanca sabangkune kanggo ngrevisi tembang macapat kang wis ditulis. (Elaborasi)
- (7) Siswa nuduhake asil kerja sajrone nulis tembang macapat kanthi *teks akrostik* ing ngarep kelas. (Elaborasi)
- (8) Siswa ngumpulake asil karyane marang guru. (Elaborasi)

### Siklus II

Sajrone pelaksanaan iki diperang dadi rong pertemuan, tindakan sajrone pertemuan I lan II, yaiku:

Pertemuan I:

- (1) Siswa nampa katrangan ngenani pangertene tembang macapat, unsur-unsur tembang macapat. (Eksplorasi)
- (2) Siswa nggatakake tuladha tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang diwenehake dening guru banjur ngapresiasi tuladha tembang macapat kasebut. (Eksplorasi)
- (3) Kanthi bimbingan saka guru, siswa nulis judhul tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. (Elaborasi)
- (4) Siswa nggoleki diksi kang selars kanggo ngembangake tembung sajrone tembang macapat. (Eksplorasi)
- (5) Siswa wiwit nyusun tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* gawe tema “kabudayan”. (Elaborasi)
- (6) Siswa diwenehi kalodhangan kanggo diskusi karo kanca sabangkune kanggo

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

ngrevisi tembang macapat kang wis ditulis. (Elaborasi)

- (7) Siswa nuduhake asil kerja sajrone nulis tembang macapat kanthi *teks akrostik* ing ngarep kelas. (Elaborasi)
- (8) Siswa ngumpulake asil karyane marang guru. (Elaborasi)

### Pertemuan II:

- (1) Siswa nampa katrangan ngenani pangertene tembang macapat, unsur-unsur tembang macapat. (Eksplorasi)
- (2) Siswa nggatakake tuladha tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang diwenehake dening guru banjur ngapresiasi tuladha tembang macapat kasebut. (Eksplorasi)
- (3) Kanthi bimbingan saka guru, siswa nulis judhul tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*. (Elaborasi)
- (4) Siswa nggoleki diksi kang selaras kanggo ngembangake tembung sajrone tembang macapat. (Eksplorasi)
- (5) Siswa wiwit nyusun tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* gawe tema “rekreasi”. (Elaborasi)
- (6) Siswa diwenehi kalodhangan kanggo diskusi karo kanca sabangkune kanggo ngrevisi tembang macapat kang wis ditulis. (Elaborasi)
- (7) Siswa nuduhake asil kerja sajrone nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kanthi maca tembang macapat kasebut ing ngarep kelas. (Elaborasi)
- (8) Siswa ngumpulake asil karyane marang guru. (Elaborasi)

### Observasi

Tahap observasi yaiku kegiatan pengamatan (pengambilan dhata) kang ditindakake bebarengan karo pelaksanaan tindakan perbaikan (Aqib dkk, 2008:9). Kegiatan observasi ditindakake kanthi kolaboratif karo guru pengamat kanggo nggatekake kawasisan guru nalika mulang migunakake metodhe *teks akrostik* lan aktivitas siswa nalika pasinaon migunakake metodhe *teks akrostik*.

### Refleksi

Refleksi yaiku nindakake maneh apa kang ditindakake sadurunge. Kegiatan refleksi yaiku: analisis, sintesis, penafsiran, njlentrehake lan menahi dudutan. Peneliti mengkaji kawasisan guru, aktivitas siswa lan kawasisan nulis siswa sajrone proses pasinaon, sarta kaslarasan antarane

sasaran indhikator kang bakal dituju. Panliti bakal nggadakake keefektifan proses pasinaon kasebut. Asile kegiatan refleksi ini mbesuke bakal dadi dhasar dianakake revisi marang pasinaon kang bakal ditindakake, banjur digunakake kanggo ndandani proses pasinaon sajrone siklus sabanjure.

### Tata Cara Ngumpulake Dhata

Sajrone ngumpulake dhata dibutuhake saperangan teknik. Ing panliten iki bakal migunakake patang teknik yaiku observasi, dokumentasi, catatan lapangan lan tes. Katrangan jangeke bakal diandharake ing ngisor iki.

### Observasi

Observasi yaiku ngamati kanthi tujuan tartamtu, migunakake maneka teknik kangge ngrekam bab kang diamati. Sajrone panliten iki, lembar observasi digunakake kanggo mangerteni dhata aktivitas siswa lan kawasisan guru sajrone proses pasinaon nulis tembang. Wujude arupa daftar pitakonan sing ana sambung rapete karo kawasisan siswa lan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik*.

### Dokumentasi

Dokumentasi arupa biji-biji evaluasi asil pasinaon siswa sawise nindakake panliten. Dhata dokumentasi bisa uga arupa foto utawa video kang nduwe fungsi menahi gambaran kanthi nyata ngenani kegiatan kelompok siswa lang nggambarake swasana klas nalika aktivitas sinau ditindakake.

### Catatan Lapangan

Catatan lapangan isine bab catetan guru sajrone proses pasinaon ditindakake. Catatan lapangan digunakake kanggo nguwatake dhata kang diperolaeh saka observasi lan maneka panjurung saka guru nalika nindakake refleksi.

### Tes

Tes yaiku seperangkat tugas kang kudu ditindakake utawa saperangan pitakonan kang kudu diwangsul dening siswa kanggo ngukur tingkat pemahaman lan penguasaan marang cakupan materi kang disyaratake lan dislarasake karo tujuan pasinaon tartamtu (Poerwanti, 2008). Tes sajrone panliten iki digunakake kanggo ngukur tingkat keberhasilan siswa sajrone pasinaon basa Jawa migunakake metodhe *teks akrostik*.

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

### Instrumen Panliten

Sajrone panliten migunakake instrumen arupa RPP, lembar pengamatan kawasisan siswa nulis tembang macapat, lembar pengamatan aktivitas siswa lan lembar pengamatan kawasisan guru sajroning pasinaon nulis tembang macapat.

### Tata Cara Nggandarake Dhata

Analisis dhata yaiku sawijine kegiatan kanggo nli, mriksa, nyinaoni, nandhingake, dhata kang ana lan nggawe interpretasi kang dibutuhake. Analisis dhata digunakake kanggo ngidentifikasi ana utawa orane masalah. Teknik analisis dhata kang digunakake yaiku teknik deskriptif lan prosentase.

Deskriptif katindakake kanggo nganalisis asil pengamatan bab perilaku siswa lan guru. Dhata dikumpulake dening guru panliti lan guru kolaborator banjur dibandingake. Kang diolah nganggo rumus ing ngisor iki.

Dhata asil observasi aktivitas guru lan siswa dianalisis kanthi rumus:

$$P = \frac{F}{N} \times 100\%$$

Katrangan:

P = Presentase frekuensi kedadayan kang kagayuh

F = frekuensi aktivitas guru/siswa

N = jumlah sekabehe aktivitas

Prosentase katindakake kanthi nganalisis asil tes siswa. Asil tes analisis siswa dianalisis kanthi kualitatif. Analisis iki saka asil pitakonan-pitakonan kang wis digarap siswa kanthi individu. Saka asil analisis kasebut bisa diweruhi yen media utawa metodhe kang digunakake layak utawa ora dicakake kanggo ngundhakake kawasisan siswa ajrone nulis tembang macapat.

### Indikator Keberhasilan

Pasinaon migunakake metodhe *teks akrostik* bisa ngundhakake kawasisan nulis tembang macapat siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 kanthi indikator kaya mangkene:

- 80% siswa klas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 bisa tuntas sinaune sajrone pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe *teks akrostik*.
- Aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe *teks akrostik* bisa mundhak kanthi kriteria

minimal apik.

- Kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe *teks akrostik* bisa mundhak kanthi kriteria minimal apik.

### Asile Panliten

Asil panliten ing kelas pasinaon nulis tembang macapat kanthi migunakake metodhe *teks akrostik* saka asil tes lan non tes kalaksanan sajrone rong siklus, saben siklus ditindakake sajrone rong pertemuan sasuwene rong jam pelajaran. Panliten iki wis bisa ngundhakake kualitas pasinaon kayata kawasisan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016. Ing sub bab sabanjure bakal diandharake kanthi rinci ngenani asil panliten kang dumadi saka kawasisan guru lan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe *teks akrostik* siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016.

### Deskripsi Dhata Pelaksanaan Tindakan Siklus I Pertemuan I

#### Pelaksanaan Tindakan

Panliten siklus I pertemuan I ditindakake tanggal 11 Agustus 2015. Ditindakake ing kelas IX F semester I SMPN 3 Kertosono Taun Ajaran 2015/2016 kanthi jumlah siswa 32 alokasi wektu kang digunakake yaiku 2x40 menit.

#### Dhata Asil Observasi Test Siswa lan Guru

Dhata asil observasi ing panliten iki dumadi saka data kawasisan nulis tembang macapat siswa, aktivitas siswa lan kawasisan guru ing siklus I pertemuan I.

#### a. Kawasisan Nulis Tembang Macapat

Ketuntasan klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* ing siklus I pertemuan I yaiku 69%. Ketuntasan klasikal iki mundhak yen dibandingake karo sadurunge digunakake metodhe *teks akrostik* yaiku 43%. Rata-rata nilai nulis tembang macapat siswa pratindakan 62 mundhak dadi 68.16. nilai kang paling dhuwur mundhak saka 82 dadi 87, nanging nilai terendah saka 40 tetep 40.

#### b. Aktivitas Siswa



## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

Sajrone pasinaon, guru uga nindakake pengamatan marang aktivitas siswa kanthi cara nggawe cathetan-cathetan ngenani tumindak siswa. Bab kuwi bisa didadekake dhata kanggo ngisi lembar pengamatan aktivitas siswa. Asil pengamatan aktivitas siswa sajrone proses pasinaon nulis tembang macapat siklus I pertemuan I

Rata-rata skor klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 yaiku 15.14 kanthi kategori apik (Apik). Siswa isih katon isin lan ora yakin nalika takon marang guru ngenani materi pasinaon nulis tembang macapat. Siswa uga isih kangelan sajrone nemtokake tembung, guru gatra, guru lagu lan guru wilangan sajrone nggawe tembang macapat. Anggone siswa nggatekake guru wis apik. Siswa kang nggatekake andharan saka guru bisa paham apa kang diandharake guru sarta menahi tanggapan marang bab-bab kang durung dingerteni.

### c. Kawasisan Guru

Kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe *teks akrostik* total nilaine 21 kanthi kategori apik. Guru ora ndonga lan ngabsen amarga jam pasinaon dudu jam kang kapisan. Sajrone menahi bimbingan nalika siswa diskusi guru isih kurang rata anggone ngandharne, mula akeh siswa kang durung ngerti marang andharan kang diwenehake guru. Akeh siswa kang ora nggatekake andharan saka guru sarta ana kelompok kang nindakake tugas saka guru yen diprentah dening guru.

## Deskripsi Dhata Pelaksanaan Tindakan Siklus I Pertemuan II

### Pelaksanaan Tindakan

Tindakan Siklus I pertemuan II ditindakake tanggal 18 Agustus 2015 ing kelas IX F semester ganjil SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016. Kelas IX F cacahé 32 siswa kanthi alokasi wektu pasinaon 2x40 menit.

## Dhata Asil Observasi Test Siswa Lan Guru

### a. Kawasisan Nulis Tembang Macapat

Nilai siswa sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* siklus I pertemuan II ana kemunduran ketuntasan, dhatane kaya mangkene.

Ketuntasan klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* ing siklus I pertemuan II yaiku 60%. Ketuntasan klasikal iki mudhun yen dibandingake karo ketuntasan klasikal ing

pertemuan sadurunge, yaiku 69%. Rata-rata nilai nulis tembang macapat siswa mundhak dadi 68.71 saka 68.16, najan durung bisa nggayuh KKM. Nilai tertinggi uga ana owah-owahan saka 87 mundhak dadi 90, nilai terendah pancet 40.

### b. Aktivitas Siswa

Rata-rata skor klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 yaiku 16.03 kanthi kategori apik (Apik). Aktivitas siswa anggone takon antuk skor kang paling endhek dhewe yaiku 1.06. Siswa isih wedi kanggo takon yen durung bisa nulis tembang macapat. Nalika siswa ora bisa, saperangan ganti takon marang kancane. Dene kancane sing kendel, lagi wani kandha marang guru yen durung bisa nggarap tugas nulis tembang macapat kasebut.

Aktivitas siswa sajrone menahi pajurung lan asil karya kanca liyane uga kagolong endhek skore yaiku 1.28. Bab iki dijalari ing siklus I pertemuan II ana 7 siswa ora wani menahi komentar amarga durung bisa marekake asil tembang macapat dhewe. Saliyane kuwi guru kurang menahi instruksi yen siswa wajib menahi panjurung marang tembang macapat kanca liya. Saengga apa kang wis kedaden ing siklus I pertemuan I, kedaden maneh ing siklus I pertemuan II, najan wis ana undhak-undhakan yen dibandingake siklus sadurunge.

### c. Kawasisan Guru

Asil pengamatan kawasisan guru sajrone ngelola pasinaon nggunakake metodhe *teks akrostik* ing siklus I pertemuan II.

Kawasisan guru sajrone ngelola pasinaon nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* antuk skor 23 kanthi kategori apik (Apik). Kawasisan guru sajrone ngondisekake kelas lan nutup pelajaran antuk skor 1, amarga guru ora ngabsen lan menahi umpan balik. Bab iki dijalari amarga siklus I pertemuan II ditindakake ing jam pungkasan lan amarga nalika panliten iki ditindakake ana pawai kanggo mengeti dina kamardikan, saengga siswa diulihne luwih awal, saengga guru ora perlu nindakake presensi lan wektune uga winates kanggo menahi *umpan balik*.

## Refleksi Siklus I

### Refleksi Kawasisan Siswa Nulis Tembang Macapat

Kawasisan siswa sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* ing pertemuan I bisa disawang saka asil rata-rata nilai 68.16, nilai paling dhuwur yaiku 87, lan terendah 40 lan ketuntasan yaiku 69%. Dene ing pertemuan II rata-rata nilai mundhak dadi 68.71, nilai paling

dhuwur 90, lan paling rendhah 40, lan ketuntasan klasikal 60%. Mula nilai rata-rata nulis tembang macapat siklus I yaiku 68.43. Bab iki kadaden amarga siswa isih nemoni saperangan masalah sajrone nulis tembang macapat, kayata: nemtokake guru lagu, guru wilangan kang laras karo aturan panulisane tembang macapat, lan uga kangelan anggone nemtokake idhe panulisan.

Mula saka iku, siswa perlu diwenehi latihan nulis tembang macapat luwih intensif lan guru perlu ngandhakake kesalahan-kesalahan siswa, banjur bimbing siswa kanggo ngowahi kekurangan kasebut ing siklus sabanjure. Adhedhasar asil refleksi siklus I, bisa diwenehi dudutan yen pelaksanaan pasinaon nulis tembang macapat migunakake metodhe teks akrostik ing siklus I durung bisa nggayuh indikator keberhasilan, sarta akeh bab kang durung bisa digayuh saengga perlu anane owah-owahan ing siklus II.

#### **Refleksi Aktivitas Siswa**

Aktivitas siswa kelas IX F Semester Ganjil SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone pasinaon nulis tembang macapat siklus I nuduhake asil kategori apik. Bab iki amarga siswa ngrasa penasaran karo pasinaon nulis tembang macapat kang ora kaya biasane. Nanging, ana saperangan masalah kang tuwuh nalika nindakake pasinaon nulis tembang macapat ing siklus I, kayata: ana saperangan siswa kang durung antusias ngrungokake panjlentrehan guru, saperangan siswa durung nuduhake inisiatif kanggo takon, saperangan siswa ora neliti maneh asil karyane, saengga ora mangerteni kekurangan sajrone tulisane, lan saperangan siswa kangelan anggone menahi dudutan materi pasinaon.

#### **Refleksi Kawawasan Guru**

Tujuwan refleksi kawawasan guru siklus I yaiku kanggo nganalisis dhata kang digayuh ing siklus I. refleksi siklus I nuduhake masalah-masalah kang tuwuh lan asil kang kasil digayuh ing tindakan siklus I.

Adhedhasar asil pengamatan, kawawasan guru nuduhake kategori apik (Apik). Nanging, ana saperangan bab kang kudu diowahi guru sajrone nindakake pasinaon, kayata: guru durung nindakake kegiatan presensi kelas lan ndonga, durung ngandharake tujuwan pasinaon kanthi cara kang narik kawigaten siswa, sarta durung kasil ngandharake materi kanthi cetha miturut indikator.

Dene asil kang digayuh dening guru sajrone ngelola pasinaon nulis tembang macapat

lumantar metodhe *teks akrostik* yaiku mundhake kawawasan guru saka pertemuan I yaiku saka skor 21 dadi 23 ing pertemuan II kanthi kategori apik (Apik). Mula, rata-rata skor kawawasan guru ing siklus I yaiku 22 kanthi kategori apik (Apik).

#### **Deskripsi Dhata Pelaksanaan Tindakan Siklus II Pertemuan I**

Ana ing sub bab iki diandharake asil panliten siklus II pertemuan I tahap pelaksanaan tindakan lan data asil observasi.

#### **Pelaksanaan Tindakan**

Tindakan siklus II pertemuan I ditindakake ing tanggal 25 Agustus 2015 ing kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016. Total siswa 32 bocah kanthi alokasi wektu 2x40 menit.

#### **Dhata Asil Observasi Test Siswa lan Guru**

Data asil observasi ing panliten iki dumadi saka data kawawasan nulis tembang macapat siswa, aktivitas siswa lan kawawasan guru ing siklus II pertemuan I.

#### **a. Kawawasan Nulis Tembang Macapat**

Asil nilai siswa sajrone nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing siklus II pertemuan I.

Ketuntasan klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* ing siklus II pertemuan I yaiku 26 siswa saka 32 siswa utawa 81% saka total siswa. Ketuntasan klasikal iki mundhak yen dibandhingake karo siklus I pertemuan II. Rata-rata nilai nulis tembang macapat kang sadurunge 68.71 mundhak dadi 73.28. nilai tertinggi lan terendah uga ana undhak-undhakan, kang sadurunge 90 dadi 93, dene terendah sadurunge 40 dadi 47.

#### **b. Aktivitas Siswa**

Nalika pasinaon, guru uga nindakake pengamatan marang aktivitas siswa kanthi cara nggawe cathetan-cathetan ngenani siswa kang nduweni tumindak ora kaya lumrahe kancane (*menyimpang*) kanggo ngisi lembar pengamatan aktivitas siswa.

Rata-rata skor klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015-2016 yaiku 17.53 kanthi kategori apik (Apik), nanging kaya kang ana ing refleksi kawawasan guru ing ndhuwur, isih ana saperangan siswa kang rame lan dolanan dhewe. Saperangan siswa uga isih

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

aras-arsen ngerjakne tugas nulis tembang macapat.

Kawigaten siswa anggone nggatekake katrangan saka guru wis apik. Siswa kang nggatekake andharan saka guru asring nangingepi lan nggatekake andharan saka guru kanthi paik lan uga takon bab-bab kang durung dingerteni.

### c. Kawasisan Guru

Asil pengamatan kawasisan guru sajrone pasinaon nggunakake metodhe *teks akrostik* ing siklus II pertemuan I nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* oleh skor 26, kalebu kategori apik (Apik). Guru wis bisa menahi motivasi siswa supaya *percaya dhiri* sajrone ngerjakne soal-soal kang diwenehake nalika kelompokan lan ngerjakne evaluasi. Nalika siklus II pertemuan I kelas kang biasane digunakake KBM digunakake kanggo rapat wali murid kelas VII, saengga siswa dipindhahake ing kelas liya.

### Deskripsi Dhata Pelaksanaan Tindakan Siklus II Pertemuan II

Ana ing sub bab iki diandharake asil panliten siklus II pertemuan II tahap pelaksanaan tindakan lan dhata asil observasi.

### Pelaksanaan Tindakan

Tindakan siklus II pertemuan II ditindakake tanggal 1 September 2015 ing kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016. Total siswa 32 bocah kanthi alokasi wektu 2 x 40 menit.

### Dhata Asil Observasi Test Siswa lan Guru

Data asil observasi ing panliten iki dumadi saka data kawasisan nulis tembang macapat siswa, aktivitas siswa lan kawasisan guru ing siklus II pertemuan II.

#### a. Kawasisan Nulis Tembang Macapat

Nilai siswa sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* ing siklus II pertemuan II. Ketuntasan klasikal siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* sajrone siklus II pertemuan II yaiku 91%. Ketuntasan iki mundhak saka siklus II pertemuan I, yaiku saka 81% dadi 91%. Rata-rata nilai nulis tembang macapat uga mundhak dadi 77.78 saka sadurunge 73.28. nilai kang paling ndhuwur lan paling endhek uga mundhak saka 93 dadi 97 lan 47 dadi 57.

#### b. Aktivitas Siswa

Nalika pasinaon ing kelas, guru uga bisa nindakake pengamatan aktivitas siswa kanthi nggawe cathethan ngenani siswa kang nduweni pakulinan kang ora biasa.

Pengamatan aktivitas siswa sajrone proses pasinaon nulis tembang macapat kagolong apik banget saengga wis bisa nggayuh indikator kang wis ditetepake yaiku aktivitas siswa kudu nggayuh kriteria minimal apik.

### c. Kawasisan Guru

Kawasisan guru sajrone ngelola pasinaon nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik* antuk skor 32 kanthi kategori apik banget (Apik Banget). Kawasisan guru sajrone ngelola pasinaon wis bisa nggayuh indikator kang diarepake yaiku kawasisan siswa bisa mundhak kanthi kriteria minimal apik (Apik).

### Refleksi Siklus II

Refleksi sajrone ing siklus I diperang dadi refleksi kawasisan siswa nulis tembang macapat, refleksi aktivitas siswa, lan refleksi kawasisan guru nulis tembang macapat. Andharan jangkepe yaiku:

### Refleksi Kawasisan Siswa Nulis Tembang Macapat

Kawasisan siswa sajrone nulis tembang macapat nggunakake metodhe *teks akrostik* bisa digatekake lumantar nilai nulis tembang macapat kang mundhak saka siklus II pertemuan I yaiku 73.28 dadi 77.78. Nilai tertinggi uga ana undhak-undhakan saka 93 dadi 97, nilai terendah saka 47 dadi 57, dene ketuntasan klasikal 91%. Mula saka iki yen dirata-rata nilai nulis tembang macapat ing siklus II yaiku 75.53, kalebu kategori apik (Apik). Amarga ketuntasan klasikal nulis ing siklus II wis selaras karo indikator keberhasilan kang wis ditetepake, mula ora ditindakake siklus tambahan.

Kanthi nggatekake asil refleksi ing ndhuwur, bisa didudut yen lumantar metodhe *teks akrostik* bisa ngundhakake kawasisan guru, aktivitas siswa, lan kawasisan nulis tembang macapat siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016. Asil panliten ing siklus II uga nuduhake indikator keberhasilan kang wis ditetepake kasil kagayuh, mula ora perlu nganakake siklus tambahan.

### Refleksi Aktivitas Siswa

Aktivitas siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016 sajrone pasinaon nulis tembang macapat siklus II nuduhake asil kang apik kanthi kategori apik

banget (Apik Banget), kanthi perkara kang tuwuh lan bab kang kasil digayuh. Perkara kang tuwuh nalika nindakake pasinaon nulis tembang macapat siklus II, kang paling utama yaiku kurang anane panjurung marang kanca lan kekendelan sajrone takon.

### Refleksi Kawasisan Guru

Tujuan refleksi kawasisan guru ing siklus II yaiku kanggo nganalisis dhata kang asale saka siklus II. Refleksi siklus II nuduhake perkara-perkara kang tuwuh lan bab kang kasil digayuh sasuwene nindakake siklus II. Adhedhasar asil pengamatan, kawasisan guru nuduhake asil kang apik kalebu kategori apik (Apik).

### Andharan

Ing bab iki bakal diandharake ngenani temuan sajrone panliten lan implikasi sajrone panliten.

### Andharan Temuan sajrone Panliten

Adhedhasar panliten lumantar metodhe *teks akrostik* kang didhasarake asil observasi kawasisan siswa, nulis tembang macapat, aktivitas siswa lan kawasisan guru nulis tembang macapat bisa dijlentrehake kaya mangkene:

#### 1. Kawasisan Nulis Tembang Macapat lumantar Metodhe Teks Akrostik

Siklus I nganti siklus II, ketuntasan klasikal kawasisan nulis tembang macapat yaiku 86%. Undhak-undhakan kawasisan nulis tembang macapat iki dijalari amarga panggunane metodhe *teks akrostik* bisa bantu siswa nyusun tembang macapat kanthi luwih sistematis.

#### 2. Aktivitas Siswa

Saka asil observasi aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik*, skor aktivitas siswa mundhak saben siklus. Rata-rata skor klasikal siswa ing siklus I pertemuan I yaiku 15,14 kanthi kategori apik (Apik) mundhak dadi 16,03 kanthi kategori apik ing siklus I pertemuan II. Ing siklus II pertemuan I, rata-rata skor klasikal aktivitas siswa yaiku 17,53 kanthi kategori apik (Apik), semono uga siklus II pertemuan II ana undhak-undhakan 18,28 ing kategori apik (Apik).

#### 3. Kawasisan Guru

Adhedhasar asil observasi kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik*, ing siklus I pertemuan I antuk skor 21, dene siklus I pertemuan II, antuk skor 23. Saka asil kasebut, ana anane undhak-undhakan akehe 2 poin.

### Implikasi Asil Panliten

Implikasi asil panliten ing kawasisan nulis kanthi metodhe *teks akrostik* bisa menehi kalodhangan marang siswa supaya luwih aktif sajrone pasinaon. Panliten iki wis menehi implikasi kang positif yaiku menehi pengalaman lan kawruh anyar marang panliti kang minangka guru kelas ngenani model pasinaon kang inovatif kanggo ngundhakake kualitas pasinaon.

Pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* menehi kalodhangan kanggo ngarahake siswa sajrone nemokake idhe saka samubarang kang ana ing sakupenge saengga siswa luwih gampang nulis tembang macapat. Bantu sajrone nambah tembung-tembung basa Jawa, bantu nemokake tembung sepisanan kanggo miwiti tembang macapate, sarta bimbing siswa nindakake perangan-perangan nulis tembang macapat.

Pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* nuntun siswa supaya terus nglatih kawasisane nulis tembang macapat, banjur nindakake refleksi kanggo ngerteni kekurangan-kekurangan tembang macapate, saengga siswa bisa ngowahi kaluputan kang padha. Saliyane iku, pasinaon nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* uga ngraketake sesambungan antarane siswa lan guru. Mula bisa didudut yen metodhe *teks akrostik* bisa ngundhakake kawasisan guru, aktivitas siswa lan kawasisan nulis tembang macapat siswa kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016.

### PANUTUP

#### Dudutan

Adhedhasar asil panliten kawasisan nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kang wis ditindakake panliti ing kelas IX F SMPN 3 Kertosono taun ajaran 2015/2016, bisa didudut saperangan bab, kayata:

1. Nilai kang kasil kagayuh ing siklus I pertemuan I yaiku 68,16. nilai tertinggi yaiku 7 lan terendah 40. Ketuntasan klasikal siswa ing pertemuan I yaiku 69%. Ing siklus I pertemuan II, rata-rata mundhak dadi 68,71, nilai tertinggi yaiku 90 lan nilai terendah yaiku 40, ketuntasan klasikal mudhun dadi 60%. Mula yen dirata-rata ketuntasan klasikal ing siklus I yaiku 65%. Banjur ing siklus II pertemuan I, kawasisan siswa nulis tembang macapat lumantar *teks akrostik* oleh rata-rata 73,28. nilai tertinggi yaiku 93 lan terendah yaiku 47 kanthi ketuntasan klasikal 81%. Ing siklus II pertemuan II, rata-rata nilai kawasisan nulis

## Nulis Tembang Macapat Kanthi Metodhe “Teks Akrostik”

tembang macapat mundhak dadi 77.78. nilai tertinggi yaiku 97 lan terendah 57, kanthi ketuntasan klasikal 91%. Yen dirata-rata ketuntasan klasikal ing siklus II yaiku 86%.

Kawasisan siswa nulis tembang macapat mundhak, saka rata-rata ing siklus I 68.44 mundhak dadi 75.53 ing siklus II. Kanthi prosentase ketuntasan 65% ing siklus I lan mundhak dadi 86% ing siklus II. Yen adhedhasar indikator keberhasilan panliten kang netepake 80% siswa kang tuntas sajrone nulis tembang macapat, mula panliten iki kalebu kasil ditindakake.

2. Saka asil observasi aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat lumantar metodhe *teks akrostik*, skor aktivitas siswa mundhak saben siklus. Rata-rata skor klasikal siswa ing siklus I pertemuan I yaiku 15,14 kanthi kategori apik (Apik ) mundhak dadi 16.03 kanthi kategori apik ing siklus I pertemuan II. Ing siklus II pertemuan I, rata-rata skor klasikal aktivitas siswa yaiku 17.53 kanthi kategori apik (Apik ), semono uga siklus II pertemuan II ana undhak-undhakan 18.28 ing kategori apik (Apik ).

Aktivitas siswa ana undhak-undhakan, saka rata-rata aktivitas siswa 15.59 lan prosentase keberhasilan 65% kanthi kategori B (Apik ) ing siklus I, mundhak dadi 17.91 lan presentase keberhasilan 74% kanthi kategori B (Apik ) ing siklus II.

3. Kawasisan guru sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi metode *teks akrostik*, ing siklus I pertemuan I antuk skor 21, dene siklus I pertemuan II antuk skor 23. Saka asil kasebut, ana anane undhak-undhakan akehe 2 poin. Menawa dirata-rata antuk skor 22 kategori B (Apik ) lan presentase keberhasilan 61% ing siklus I mundhak dadi 29 kanthi presentase keberhasilan 81% kanthi kategori A (Apik Banget) ing siklus II. Adhedhasar presentase keberhasilan kawasisan guru ing pasinaon nulis tembang macapat wis kena diarani kasil ditindakake.

### Panjurung

Adhedhasar asil dudutan ing ndhuwur mula panjurung sajrone panliten iki yaiku:

1. Sajrone ngundhakake kawasisan siswa nulis tembang macapat kanthi metodhe *teks akrostik* kudune: (1) siswa dilatih kanggo nambah tembung-tembung basa Jawa lan nulis tembang macapat kanthi sistematis, (2)

siswa dikulinakne nggunakake basa Jawa kang manut unggah-ungguhe.

2. Sajrone ngundhakake aktivitas siswa sajrone pasinaon nggunakake metodhe *teks akrostik* kudune;(1) siswa kudu luwih aktif, kreatif lan kendel menehi pitakonan lan pamawas sajrone pasinaon, (2) siswa nliiti maneh tembang macapat kang ditulis, (3) siswa wiwit ngulinakne nggunakake basa Jawa kang apik lan bener.
3. Sajrone ngundhakake kawasisan guru sajrone pasinaon nggunakake metodhe *teks akrostik* guru kudu: (1) guru kudu milih media lan sumber belajar kang pas kanggo siswa supaya pasinaon luwih optimal, (2) guru kudu nglibatake siswa sajrone pasinaon wiwit awal, proses lan pungkasan supaya siswa rumangsa luwih digatekake saengga asil pasinaon bisa mundhak, (3) guru kudu bimbing siswa sajrone nulis tembang macapat kanthi diambal-ambali lan rata ing kelas.

### KAPUSTAKAN

- Aqib, Zaenal, dkk. 2010. *Penelitian Tindakan Klas untuk Guru, SD, SLB, TK*. Bandung: CV. Yrama Widya
- Arikunto, Suharsimi, dkk. 2011. *Penelitian Tindakan Klas*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Arsyad, Azhar. 2002. *Media Pasinaon*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada Karya Aksara
- BSNP. 2006. *Peraturan Mendiknas. Standar Isi dan Standar Kompetensi Lulusan 2006*. Jakarta: Depdiknas
- Baharuddin dan Esa Nur Wahyuni. 2009. *Teori Belajar dan Pasinaon*. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media
- Chaniago, Amran YS. 2002. *Kamus Lengkap Bahasa Indonesia*. Bandung: Pustaka Setia
- Daryanto. 2010. *Media Pasinaon*. Yogyakarta : Gava Media
- Depdiknas. 2002. *Pendekatan Kontekstual*. Jakarta: Depdiknas
- Jingga, GM. 2012. *Yuk Menulis Yuuk*. Yogyakarta: Penerbit Araska
- Kuntjojo. 2010. *Model-model Pasinaon*. Kediri: Kementerian Pendidikan Nasional Universitas Nisantara PGRI Kediri Panitia Sertifikasi Guru (PSG) Rayon 43.
- Magee, Wes. 2008. *Asyiknya Menulis Puisi*. Solo : Tiga Serangkai
- Mihardja, Ratih. 2012. *Buku Pintar Sastra Indonesia*. Jakarta : Laskar Aksara
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan*

*Nulis Tembang Macapat Kanthi Methodhe “Teks Akrostik”*

- Kasusastran Djawa*. Jagjakarta: Soejadi.
- Poerwanti, Endang, dkk. 2008. *Asesmen Pasinaon Sekolah Dasar*. Jakarta: Dirjen Dikti Departemen Pendidikan Nasional
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2012. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press
- Rusman. 2012. *Model-Model Pasinaon Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: Rajawali Press
- Sadiman, Arief S, dkk. 2011. *Media Pendidikan Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada
- Salam. 2009. Menulis Puisi dengan Teknik Akrostik. (Online) (<http://pelitapendidikan.blogspot.com/2009/pasinaon-menulis-puisi-dengan.html> diunduh pada tanggal 21 Januari 2013 pukul 10.42 WIB)
- Sugandi, Achmad. 2007. *Teori Pasinaon*. Semarang : UPT MKK UNNES.
- Slameto, 2010. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta : Rineka Cipta
- Sudjana, Nana. 2009. *Dasar-Dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Sumiati dan Asra. 2009. *Metode Pasinaon*. Bandung: CV Wacana Prima
- Suparno dan Mohammad Yunus. 2003. *Keterampilan Dasar Menulis*. Jakarta: Universitas Terbuka
- Tarigan, Hendry Guntur. 1986. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta : Balai Pustaka
- Toha M. Amir. *Pengajaran Sastra Puisi di Sekolah*. (<http://amingaminoedhin.blogspot.com/2008/08/makalah-ceramah-sastra.html>)
- Wardhani, Igak. 2007. *Penelitian Tindakan Klas*. Jakarta: Universitas Terbuka
- Wibawa dan Mukti. 2001. *Media Pengajaran*. Jakarta: CV. Maulana
- Widaryatmo, Gandung, dkk. 2011. *Prigel Basa Jawa kanggo SMA/SMK/MA Klas X*. Jakarta: Erlangga.